



Enstriksyon pou Evalyasyon Redaksyon pou Elèv ki te Sispann Ale Lekòl/Pa te Ale Regilyèman (SIFE)

Enstriksyon pou Evalyasyon Redaksyon an

Rezon n ap fè Evalyasyon Redaksyon nan lang kay oswa lang prensipal la se pou nou ka gen yon lide global sou konpetans nan redaksyon Elèv potansyèl ki ka te Sispann Ale Lekòl/Pa te Ale Regilyèman (Students with Interrupted/ Inconsistent Formal Education, SIFE). Nou ka fè evalyasyon sa a ak yon sèl elèv oswa yon gwoup epi n ap bezwen bay elèv yo yon maksimòm 15 minit pou fini travay la. Nou dwe itilize rezilta evalyasyon sa a ansanm ak lòt evalyasyon pou evalye konpetans elèv SIFE potansyèl la nan redaksyon, ki ka ede nou detèmine ki fason ki apwopriye pou anseye li nan redaksyon.

Enstriksyon sou Fason pou Fè Evalyasyon an:

Avan ou fè Evalyasyon an, chèche konnen ki lang elèv la pale lakay li oswa lang prensipal li selon sa ki endike nan Kesyonè sou Lang Kay (Home Language Questionnaire, HLQ) la. Nan moman kounye a, nou fè Evalyasyon an nan lang sa yo:

- Arab
- Bangla
- Biman
- Chinwa
- Franse
- Foulani
- Kreyòl Ayisyen
- Maay Maay
- Nepalè
- Ris
- S'gaw Karen
- Somalyen
- Panyòl
- Swayili
- Oudou

1. Si yon elèv ekri nan yon lang ki pa nan lis anwo a, yo ka ekri nan lang sa ak mesaj endis ak enstriksyon nan lang angle yo te tradwi aloral nan lang li pale lakay li oswa lang prensipal li. N ap fè ou konnen nou sipoze itilize vèsyon angle Evalyasyon an sèlman pou yon sous pou tradiksyon epi nou pa sipoze bay elèv yo li nan lang angle.
2. Pwofesè a ka ranpli enfòmasyon debaz sou elèv la (non, dat li te rive, dat li fè evalyasyon an, elatriye). Si nou bay elèv la nenpòt enstriksyon aloral, enstriksyon yo ta dwe nan lang li pale lakay li oswa lang prensipal li.
3. Di elèv yo yo pral ekri nan lang yo pale lakay yo oswa lang prensipal yo. Di yo sa a se pa yon tès, men ankouraje yo pou yo fè tout efò posib.
4. Ou ka reponn kesyon debaz sou travay la, men evite eksplike, sijere lide, oswa ede elèv la nan okenn lòt fason ak travay la. Elèv yo pa sipoze itilize yon diksyonè pandan travay sa a.
5. Nou ta dwe ankouraje elèv yo pou yo ekri mezi yo kapab epi bay yo plis papye si yo bezwen.
6. Se yon moun ki pale menm lang ak lang natifnatal elèv la ki pou korije redaksyon elèv la.
7. Tanpri sonje rezilta SIFE la nan Evalyasyon Redaksyon an, poukont li, pa yon endikasyon sityasyon SIFE a.

Enstriksyon sou Fason pou Korije:

Aprè elèv la fin ak aktivite a, moun k ap korije a dwe detèmine ki nivo ki dekri redaksyon elèv la pi byen pou chak kategori (Kontni, Òganizasyon, Mekanik, ak Konvansyon, Kalite ak Konpleksite Langaj la). Nivo konpetans ki plis reprezante redaksyon elèv la (0 - 3) detèmine nòt jeneral elèv la pou kategori a.

Pa egzanzp, yon elèv ki resevwa yon nòt 3 nan Kontni, Òganizasyon, ak Mekanik ak Konvansyon, epi yon nòt 2 nan Kalite ak Konpleksite Langaj, t ap resevwa 3 kòm nòt jeneral.

Tanpri sonje rezila Evalyasyon Redaksyon yo se sèlman yon pwèn done nou ta dwe itilize ansanm ak lòt mezi pou estime kapasite elèv potansyèl SIFE la nan redaksyon.

Entèprete nòt elèv la nan Evalyasyon Redaksyon an	
Prensipalman 3	Elèv la montre li gen ase koyerans nan kapasite li pou ekri.
Prensipalman 1 ak 2	Elèv la montre li gen enpe koyerans nan kapasite li pou ekri.
Prensipalman 0	Elèv la montre li gen yon ti kras koyerans nan kapasite li pou ekri.

Non:	Laj:
Dat la:	Lang li Pale Lakay li:
Dat li te rive Ozetazini :	Peyi li Soti:

Tit redaksyon ou a: _____

Mesaj envitasyon

Pou aktivite sa a, ekri sou yon jwèt ou renmen jwe anpil. Sèvi ak espas ki anba la a pou ekri youn (1) oswa de (2) paragraf sou jwèt ou renmen jwe sa a:

Pa bliye mete bagay sa yo nan redaksyon ou an:

- Non jwèt ou renmen jwe anpil la
- Fason pou jwe jwèt la
- Detay sou jwèt la
- Nenpòt souvni ou genyen sou lè ou jwe jwèt la
- Poukisa ou renmen jwèt sa a anpil

Kategori pou Evalyatè Redaksyon an

	3	2	1	0
Kontni	Redaksyon an klè epi li gen deskripsyon ki bay detay kle epi li enteresan pou moun k ap li yo. Li demontre li te fè refleksyon konplèks pou travay la.	Matyè a klè men li manke detay nan deskripsyon yo. Li demontre li konprann travay la yon fason klè.	Li te bay yon ti kras detay, li kapab gen detay ki pa gen pou wè ak sa l ap ekri a. Li demontre li konprann travay la yon ti kras.	Sa li ekri a pa gen anyen pou wè ak sijè a epi li gen yon ti kras detay ki gen pou wè ak sa l ap ekri a oswa li pa gen okenn detay ditou. Li demontre li pa konprann travay la.
Òganizasyon	Redaksyon an koyeran epi li klè pou konprann. Lide yo pase yon fason lojik.	Redaksyon an pa fin kòdyòm nèt, men moun k ap li yo ka konprann mesaj l ap eseye fè pase a. Li kapab yon ti jan pa òganize ak/oswa pa byen devlope.	Redaksyon an pa ni òganize, ni devlope. Li difisil pou yon moun konprann, epi li difisil pou konprann paske lide yo pa òganize.	Redaksyon an pa fè sans. Li kapab te kopye yon pati nan mesaj envitasyon an pou ekri yon pati nan redaksyon an.
Mekanik ak Konvansyon	Fason li itilize gramè a fè deskripsyon yo pi enteresan epi li ekri byen. Malgre gen fòt òtograf, sa pa anpeche moun konprann. Li respekte tout règ redaksyon yo.	Gramè a ka mete konfizyon nan sa li vle di. Erè nan règ redaksyon ak fòt òtograf yo ka anpeche moun konprann.	Te gen anpil fòt nan gramè, règ redaksyon, epi fòt òtograf yo te fè li difisil pou konprann sa l ap ekri a.	Move gramè ak fòt òtograf fè li enposib pou konprann sa li ekri a. Li pa itilize okenn nan règ redaksyon yo.
Kalite ak Konpleksite Langaj la	Vokabilè ak estrikti fraz yo varye ak apwopriye.	Vokabilè ak estrikti fraz yo apwopriye.	Vokabilè ak estrikti fraz yo pa apwopriye pou elèv. Anpil fòt fè li difisil pou konprann.	Li enposib pou li ak konprann vokabilè ak estrikti fraz yo. Sanble pa gen okenn repons ditou.